Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 49 (93187) / 11 декабрь 2017 с. / итни 23 Рабиг1ул-аввал 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***День Конституции - один из значимых государственных праздников России, он отмечается в нашей стране ежегодно 12 декабря. В этот день, в 1993 году, всенародным голосованием, в нашей стране была принята Конституция Российской Федерации. Полный текст Конституции был опубликован в «Российской газете» 25 декабря 1993 года.***

***С 1994 года, согласно указам президента России («О Дне Конституции Российской Федерации» и «О нерабочем дне 12 декабря»), день 12 декабря был объявлен государственным праздником.***

## Поздравляем!

Конституция – не просто закон, она определяет саму суть, основу нашей жизни во всём её многообразии, гарантируя нам то, что мы сегодня и завтра будем свободны! Это наш общий праздник!

Мы поздравляем вас с Днём Конституции России, желаем жить счастливо и каждый день, гордиться тем, что живёте в великой державе.

Пусть всегда вам сопутствует удача!

*Глава МР «Казбековский район» Г. Г. МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г. М. ГИРИСХАНОВ.*

---

14 лет прошло с тех пор, как была принята Конституция Российской Федерации. Когда меняется Основной закон страны, меняется и её жизнь…

Поздравляю вас с этим всенародным праздником! Пусть всегда и всюду вас сопровождает успех, вдохновение и хорошее настроение!

*Депутат НС РД М.-п. (К.-п.) Д. УМАХАНОВ*

---

День Конституции Российской Федерации не просто официальный праздник, но и памятный день принятия документа, благодаря которому сегодня мы с гордостью называем себя россиянами, можем трудиться, мечтать, жить свободно и справедливо.

Поздравляем вас с Днём Конституции! Желаем вам здоровья, счастья, мира и благополучия.

*Секретарь политсовета Казбековского местного отделения ВПП «Единая Россия» Д.Г. МАХАЧЕВ.*
*Руководитель исполкома Казбековского отделения ВПП «Единая Россия» С.Г.АЛТУМИРЗАЕВ.*

---

### Х1урматиял районцоял

Рак1-рак1алъ баркула нужеда Россиялъул Конституциялъул Къо! Гьарула нужее сахлъи, талих1аб, рохалилаб г1умру ва гьабулебщиналъулъ бит1ккей.

*Ригь аразул Советалъул председатель М. Г1. ЧУПАЛАЕВ.*
*Рагъулгун зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х. Г1. МУХ1АМАДХ1АБИБОВ.*
*Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1. А. АДИМИРЗАЕВ.*

# ТIадкъаял тIурай - тIадаб иш

Киналниги ишазулъ дандчIвалел захIмалъаби,
Къезаризе бокьани, буго цохIо къагIида:
Къасд бугезда гIемерал ресал гьезий ратула,
Гьеб гьечIеца ургъула аза-азар гIиллаби.

*(ГIурусазул аби).*



Нилъеда лъала, хъулухъалъул болъодасан тIаде раханагIан, Аллагьасдаги гIадамаздаги цебе, хIакимзабазул жавабчилъи цIикIкIунеблъи. Амма цере арал соназдаги ва гьаб заманалдаги кколеб бугеб бихьараб мехалда рижуна бат1и -батIиял пикраби. Гьай – гьай, гIемерал хIакимзаби руго, жавабичилъиги бичIчIун, ракIбацIцIад, жидеца тIаде босараб ва жидеда тIад къараб иш гьабулел.

Нилъеда лъала, районалъул бетIерлъуде ХI. ХI.Мусаев вачIаралдаса, районалда ккарал хиса- басиял. Гьев хIалтIизе лъугьаралдаса, кьучIдасанго, хисана учреждениябазулгун организациябазул хIалтIул гIуцIи, гьединго, гIадлу-низам цIуни ва борхана щивав х1алт1ухъанасул жавабчилъи. ХIажимурад Х1ажиевичас, тIоцебесеб иргаялда, хIалтIулъ гIадлу-низам цIуниги жавабчилъиги тIалаб гьабуна жинда цадахъ хIалтIулездаса.

ЛъагIалида жанир цо чанго нухалда ахIула, жавабиял хIалтIухъабаз тIадкъаял тIураялда хурхарал, хасал данделъаби. Гьенир хал гьабула тIадкъаял тIураялъул, гьел тIурачIого теялъе ккарал гIиллабазул ва хал гьабиялдаса хадуб гьарула хIукмаби.

Гьединазул цояблъун букIана 28 ноябралда райадминистрациялда тIобитIараб данделъиги. Гьениб, рагIа-ракьанде щвараб, информация гьабуна экономикалъулгун планированиялъул ва гIуцIиялъул отделалъул начальник Д.З. Сайдулаевас.

Жиндирго к1алъаялда гьес абуна: **«I6 сентябралдаса I5 декабралде щвезегIан, администрациялъул жавабиял хIалтIухъабазе кьун букIана 11 тIадкъай. Гьезул 2-яб т1убан гьеч1о, 4-ябин абуни т1убанго раг1алде щун гьечIо»**,- ян.

ТIадкъаял тIураялъе квекIен гьарурал гIиллабазул хIакъалъулъ цIех-рех гьабун хадусан, ХI. Мусаевас абуна: «**Баянлъи кьолел суалал нужее кьечIониги лъала дида тIурачIел тIадкъаязда сверухъ бугеб ахIвал-хIал. ТIадкъаязда хурхарал суалалгун рачIуна дихъе гIадамал. Нужецаги гIадамазги бицунеб дандги ккун, дица хIасилал гьарула. Лъала, руго тIадкъаязул нужеда рачIел рахъалги, гьеб бичIчIуна, амма абичIого гIоларо, цо-цо хIалтIухъабазул тIадкъаяздехун жавабияб бербалагьи гьечIеблъи. Гьелъие ахир лъезе ккола. КидалъизегIан рукIине кколел цохIого жо бицунел? КигIан гIемерал цогидалги масъалаби нилъеда цере гьечIел?**

**Бищун цIикIкIун гIадамал гIарзахунел руго рукъзал разе ракь кьунгутIиялда тIасан. Дида абуна, 5 росдал генплан хIадур бугилан, лъагIел ахиралде щолеб буго, амма гIадамазе рукъзал разе ракь жеги кьун гьечIо. Сунда бан гьеб бугеб? Щай, чIечIого, гIадамал дихъе хьвадизарулел?**

**Гьединго, муниципалиял г1уц1абаз г1адамазе гьабизе бихьизабун бугеб 72 хъулухъалъул 49 –яб (63%) бихьизабун бук1ана электронныяб къаг1идаялде буссинабизе, амма гьезул 42-яб гурони гьелде буссинабун гьеч1о. Информациялъулгун технологиялъул отделалъ х1аракат бахъизе ккола, сон ахиралде щвелелде, гьеб г1унгут1и т1аг1инабизе.**

**ТIадкъаял тIуразариялъулъ ругел гIунгутIаби гIагараб заманалда тIагIинариялда тIад хIалтIизе ккола. Нилъее цебего заман щун буго хIалтIул цIияб къагIидаялъул нухде лъугьине»,-** ян.

*М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ.*

---

## Х1урматиял районцоял!

***Унеб буго 2018 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.***

***Багьа-263 гъур.***

**Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,**

# Главная цель – эффективный результат на благо населения района

Одним из важнейших форм эффективного управления деятельностью района является рассматривание наиболее актуальных вопросов на совещаниях и собраниях и принятые на них коллективно выверенных решений. Это повышает активность и ответственность должностных лиц, побуждает интерес к работе, дисциплинирует актив и способствует выработке мнений и суждений по обсуждаемому вопросу. Умелое применение подобных методов в работе слагает и стиль работы руководителя, который в свою очередь благотворно влияет на конечные результаты по улучшению благосостояния населения. Совещание, как один из главных инструментов управленческой деятельности, дает возможность справиться с проблемами и вопросами, возникающими в ходе реализации функций Администрации, путем привлечения для решения сложных задач специалистов разных направлений, организации обмена знаниями, опытом и информацией между отдельными подчиненными и структурными подразделениями, оперативного доведения конкретных задач до непосредственных исполнителей и контроля их исполнения.

Кроме того, можно добавить следующие преимущества совещаний: достижение организационной эффективности, получение оперативной информации о текущем положении дел в районе в целом, о проблемах, возникающих у служащих при исполнении поставленных перед ними задач и привлечение ресурсов коллектива для поиска оптимального решения вопросов, возникающих при реализации оперативных и долгосрочных муниципальных планов.



Также существует определенная классификация совещаний, различающихся по методу проведения, целевому и временному признаку. Из данного множества можно выделить плановые совещания, направленные на получение текущих сведений о состоянии исполнительской дисциплины (оценка качества и сроков исполнения задач и поручений), преодоление недостатков в работе, и проводимые с определенной периодичностью в одни и те же дни недели, в одно и то же время.

Главе района, часто приходится сталкиваться с проблемами, которые требуют для решения привлечения специалистов из различных сфер деятельности.

Вошло в практику, что глава района Мусаев Гаджимурад Гаджиевич каждый вторник в 9:00 в зале заседаний администрации проводит плановое совещание с участием всех глав поселений, руководителей, представителей всех учреждений, СМИ, а также предпринимателей района.

А в последний вторник месяца проводится собрание актива района, куда выносятся наиболее масштабные и актуальные вопросы и где осуществляется анализ проделанной работы, достигнутых целей и дальнейших перспектив развития.

Руководитель аппарата администрации составляет список актуальных вопросов для докладов, который утверждает глава района. Согласно этому списку формируются тема для очередного совещания и повестка дня, которая заранее доводится до всех участников совещания.

Докладчик за неделю до дня обсуждения на совещании должен предоставить документ в отдел экономики, планирования и по организационным вопросам по которому составляется аналитическая справка для главы района.

Регистрацию участников, как правило, начинают за 30 минут и заканчивают за 5 минут до начала заседания.

Глава открывает совещание кратким вступительным словом, обозначает повестку дня, определяет регламент и общую продолжительность совещания.

По регламенту для доклада отводится не более 20-25 минут, в течении которых докладчик должен изложить о положении дел на вверенном ему направлении деятельности, об итогах работы, имеющихся проблемах и трудностях.

После окончания выступления участники могут высказать свои замечания и предложения, а также задать вопросы, возникшие в ходе выступления докладчика.

Заслушав доклад, глава также может внести предложения и замечания, в том числе по повышению эффективности дальнейшей работы в указанном направлении.

За последний год проведено 29 аппаратных совещаний и 11 совещаний актива. На них заслушано 50 вопросов. В текущем году на 4 аппаратных совещаниях заслушаны доклады руководителей сельхозпредприятий о положении дел в хозяйствах. По итогам обсуждения глава района дает оценку работе. Принимаются меры, которые являются наиболее необходимыми в работе по устранению имеющихся недостатков. В особых случаях для углубленного изучения дел и определения перспектив развития составляются комиссии. Так например, при обсуждении положения дел в СПК «Дружба» выяснилось, что положение с развитием этого хозяйства беспокоит не только руководство, но и самых рабочих СПК. В связи с этим, глава района создал комиссию во главе с опытным специалистом Салаевым Т.И. Комиссия в рабочем порядке не один день провела в хозяйстве, выявила недостатки, определила пути их устранения, подсказала методику выхода из кризисного положения. Дело в определенной мере оставалось за самим хозяйством. По некоторым показателям положение изменилось в лучшую сторону, но до полного устранения всех недостатков еще предстоит немало работ и времени, ситуация находится под контролем главы района.

На совещаниях в уходящем году заслушаны начальники отделов администрации района, главы поселений.

Важное значение имеет и уровень подготовки докладов, раскрываемость в них в широком масштабе актуальности темы, проблемных вопросов и путей их устранения. Многие ораторы, ответственно подходят к составлению доклада. Однако, нередки случаи, когда докладчики выступают с текстом, набранным с интернета и не имеющим никакого отношения к положению дел на вверенном им участке работы. Это лишний раз доказывает безответственность и не компетентность руководителя. Подобные методы подхода к составлению доклада должны быть изжиты. Иначе, проводимая работа не будет иметь должного эффекта.

Проводимые плановые совещания оказывают положительный эффект в работе. Однако, глава района требует совершенствования системы их подготовки и проведения. Кроме того, необходимо разработать эффективную систему контроля принятых решений. Задача должностных лиц – ответственно относится к их подготовке и проведению, что явится непременным залогом успешного обсуждения, выработки правильных решений и дальнейшего улучшения работы.

*Мадина МАГОМЕДХАБИБОВА,*
*ведущий специалист отдела экономики, планирования и по организационным вопросам администрации МР «Казбековский район»*

# Активалъул данделъи



5 декабралда райадминистрациялда тIобитIана активалъул иргадулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана - «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI.ХI.Мусаев, гьесул заместителал: И.И.Шабазов, З.Н.Эмеев, И.Б.Салимханов, росабазул администрациябазул бутIрул ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби. Хал гьабиялде босун букIана: «**ОМВ-Дялъул участковиял уполномоченниязул ва бакIазул администрациябазе нухмалъулезул цадахъаб хIалтIи**» абураб суал.

Гьенив докладгун цеве вахъана жанисел ишазул отделалъул участковиял уполномоченниязул начальник, полициялъул капитан Салман ХIусенов.

Гьес, гIатIид гьабун, бицана участковияз гIадамазул хIинкъи гьечIолъи цIуниялда сверухъ гьарулел ругел хIалтIабазул, ругел гIунгутIабазул ва цере чIарал масъалабазул.

ХIажимурад Мусаевас гIейгьечIеблъун бихьизабуна участковиязул хIалтIи.

**«Дубкиялда гIемерлъулел руго, гIадамаз, изну гьечIого, ракьал кквеялъул хIужаби. Дилималда росдал автостанциялда сверухъ бан буго кьищникъул. Бихьулеб гьечIо, лицензия гьечIого,жидерго транспорталъ гIадамал раччулезда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи (Дилим,Калининаул).Чучго тун буго законалъул тIалабал хвезарулезе кколеб тамихI гьаби.**

**Цо-цо росабалъ гьечIо - инспекторазе кабинетал, участковиязда ва росабазул администрациябазда гьоркьоб щулияб бухьен ва цадахъ рекъон, гьабулеб хIалтIи. ЗагIипго буго рейдал гьариялъул хIалтIиги. Рихьулел гьечIо дружинниказул къокъаби ва гьезул хIалтIи.**

**Гьеб киналъулго дица бицунеб буго, хIалтIуде вачIараб къоялдаса нахъе, амма хIасил добго буго. Бицалъ хутIун буго тIолабго. Дихъе рачIунел гIадамазул гIарзазлъ, дида бихьула, киса-кибего, нилъер районалъул щибаб росулъ, пачалихъияб къагIидаялда, хIалтIи гIуцIиялъул иш хашго ва халкъалдехунисеб бербалагьи хIакимзабазул загIипаб рукIин. Хадусан гьединаб тасамахIлъи биччазе нилъеца бегьуларо.**

**ХIажат буго законалъул рахъалги цIунулаго, кьучIдасанго, хIалтIи хисизабизе, гIадамазухъ гIенеккизе, гьездехун руссине ва гьезул тIалабал тIуразе.**

**Цебего заман щун буго, гIадамазде данде кколарел, законалъ гьукъарал ишал гьарулезде чIаян абизе ва чIоларезе кколеб тамихIги гьабизе. Нилъер район букIине ккола киназего мисалияблъун. Гьеб буго нилъер щивасда бараб иш.**

**«ГIадлуялъе гIажал букIунаро», -ян аби буго умумузул. Гьединлъидал, нужеда-участковиязда, тIадаб буго нуже-нужер участкабазда гIадлунизам чIезабизе. ХIажатаб кумек нижедасаги тIалаб гьабизе»,**-ян.

Дубки поселокалъул администрациялъул бетIер ГIайнудин Абакаровас гьениб борхана Дубкиялде рачIунел туристазул къадар цIикIкIунеб ва участковиязул цояб штат къан букIиналъул суал.

*Сапият СУЛТАНМУХIАМАДОВА.*

# Прокуратура извещает…

Прокуратура района провела проверку по коллективному обращению работников образовательных учреждений о невыплате заработной платы.

В ходе проверки установлено, что за октябрь сего года работникам районного управления образования и муниципальных казенных учреждений дошкольного образования с.Инчха и п.Дубки (№1, №2) начислена, но не выплачена заработная плата. В результате образовалась задолженность в сумме свыше 540 тысяч рублей.

В связи с этим, прокуратура направила в мировой суд 38 заявлений о выдаче судебных приказов для взыскания заработной платы.

Кроме того, четырем должностным лицам образовательных учреждений указано о недопустимости нарушений закона.

*М.М.ХАЛИЛОВ,*
*прокурор района, старший советник юстиции.*

# Хъулухъ гьабиялъул цIиял къагIидабазда хурхун,..



Дагьал церегIан къояз районалъул администрациялда тIобитIана, электроннияб къагIидаялда, районалъул гIадамазул хъулухъал тIураялда хурхараб данделъи.

Данделъиялда Х.Х. Мусаевас абуна: **«ГIадамазда бичIчIинабизе ккола, электроннияб къагIидаялда, хъулухъал тIураялъул бугеб пайда ва гьеб система хIалтIизабиялъул къагIидаби. Гьедин гьабуни, гьезда хехго лъазе руго рукIине ругел бигьалъаби»**,-ян.

Жакъа къоялде электроннияб къагIидаялде буссинабизе бихьизабураб 72 хъулухъалъул 42-яб гурони гьелде буссинабун гьечIо. Гьаб сон ахиралда щвелелде жеги гьезде тIаде жубазе буго 14 хъулухъ гьаби.

**«Росабазул администрациябазул специалистал жеги хадур гъун гьечIо электроннияб къагIидаялда хъулухъ тIубаялда. Гьел ругьун гьариялъул семинарал тIоритIизе руго нижеца»,**-ян абуна гьениб информациялъулгун технологиябазул отделалъул бетIерав специалист Мавлидин Хизриевас.

**« Гьеб хIалтIи гьабиялде цIазе лъик1аб буго бажари бугел гIолохъанал специалистал ва гьелгун гьабизе ккола ругьун гьариялъул хIалтIи»,** -ян абуна Х.Х. Мусаевас данделъиялъул ахиралда.

*Информагентство «Салатавия»*

# Эбел-г1умруялъул сунареб чирахъ



Эбелалъул къоялда хурхун, Дилим росдал № 1«Маргьа» лъималазул ахалда т1обит1араб данделъи бук1ана, рек1ее пашманлъи гьабулеб, бадиб маг1у хулулеб. Щай абуни, гьеб т1обит1ана г1емерал соназ **«Маргьа»** ахалъе нухмалъи гьабурай, махщел бугей г1уц1арухъан, лъик1ай эбел, дагьал церег1ан къояз нилъедаса ят1алъарай Темирбулатова Сада Х1амзатовна рак1алде щвезайиялда хурхун.

Гьенире г1ахьаллъана - гимназиялъул директор Темирбулатова Зульфия, социалияб рахъалъ районалъул г1адамал ц1униялъул управлениялъе нухмалъулей Пат1а Айтемирова, лицеялъул директор –Язрапат Юсупова, №3 **«Релъедакунч1»** ахалъе нухмалъулей Сакинат Гъанаматова, С. Темирбулатовалъул классцояй Уматай Х1ажиева, культураялъул х1алт1ухъан Лайла Имамирзаева ва цогидалги.

Данделъи рак1алдаса унареблъун г1уц1изе к1удияб х1аракатчилъи ва х1адурлъи гьабун бук1ана **«Маргьа»** ахалъул коллективалъ. Рек1елъ пашманлъигун рак1алде щвезаюлей йик1ана гьез Сада Х1амзатовна. Гьениб бицана гьелъ гьабураб х1алт1ул, гьелъул малъияз, эбелалъулаб т1алабалъ, х1алт1улезе щварал х1албихьиязул, гьелъул г1умруялъул гьелъ ва нахъе тараб лъик1аб ц1аралъул.

Гьединго, гьенир рихьизаруна арал соназ ахалда гьабураб х1алт1ул бицунел видеороликал. **«Дун йохарай йиго, Сада Х1амзатовналъ кьуч1 лъураб, гьадин цоцалъ гъункараб, х1алт1удехун рокьи ва жавабчилъи бугеб, коллективалде гьоркьое ккеялдаса»,** –ян абуна **«Маргьа»** ахалъе нухмалъулей Мух1амадова Хадижат Гилахъаевналъ.

Данделъиялъул г1ахьалчаг1аз рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабуна Хадижатие ва коллективалъе гьеб тадбир г1уц1аралъухъ. К1очонареблъун лъугьана гьениб Лайла Имамирзаевалъ ах1араб нашидги.

*Хадижат МУХ1АМАДОВА.*

# Лъималазул мавлид

ГIадатлъун лъугьун буго светскияб лъайкьеялда цадахъ динияб лъайкьейги. Гьеб битIарабги буго, щай абуни, гьеб кIиялъго бихьизабула гIолеб гIелалда лъай босиялде, лъикIаб хьвада-чIвадиялде нух. Гьеб кIиябго хIалтIизабула лъималазул ахалдасан байбихьун.

2 декабралда, хирияв МухIаммад Авараг (с.гI.с.) гьавураб РабигIул Аввал моцIалъул хIурматалда. Дилим росдал №1 **«Маргьа»** лъималазул ахалда, гьоркьохъеб группаялъул лъималаз тIобитIана мавлид.

Гьеб тIобитIиялъе квербакъана тарбиячагIи: С.СултанмухIамадовалъ, С.Алясаевалъ, КI.СагIидовалъ. Гьенире гIахьаллъана, Кинайнат МухIамадовалъ динияб тарбия кьолел, чIахIияб группаялъул лъималги. Лъималазулгун тIоритIулел тадбиразул цояблъун ккараб гьеб мавлидалъ, кIудияб асар гьабуна гьитIичазул ракIазе. Гьединго, лъималаз гьенир рикIкIана нашидал, ахIана мавлидал. Тадбиралъул ахиралда лъималазе гьенир кьуна батIи-батIиял нигIматаздасан гIуцIарал сайигъаталги.

Лъималазул улбуз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго данделъи тIобитIизе квербакъаразе.

*Меседо Х1АЙБАЕВА,*
*лъималазул улбузул рахъалдасан.*

### Конкурсал

# ТIолабго ракьалда бугеб - эбелалъул квераздасан...

Гьединаб цIаралда гъоркь,24 ноябралда районалъул Централияб библиотекаялъул цIалдолезул залалда тIобитIана, эбелалъул Къо кIодо гьабиялда хурхараб, конкурс. Гьенире гIахьаллъана районалъул школаздаса 17 цIалдохъан. Гьел рикьун рукIана лъабго группаялде(1-4кл., 5-8 кл., ва 9-11 кл.). Конкурс гIуцIаразул мурадлъун букIана цIалдохъабазул литератураялде рокьи бижизаби, махщел бугел цIалдохъаби тIатинари ва культураялда хурхарал тадбиразда гIахьаллъиялде гьел цIайи.




ЦIалдохъабаз гьенир рикIкIана (гIурус ва магIарул мацIазда) Дагъистаналдаса ва гьеб тун къватIиса шагIирзабаз эбелалъул хIакъалъулъ хъварал кучIдул.

ГIисинал классазул (1-4кл.) цIалдохъабазда гьоркьоб цоабилеб бакI босана Кавсарат ХIасановалъ (Гуни), кIиабилеб-ШугIайнат Темирсултановалъ (Дилим, гимназия), лъабабилеб-ПатIимат Асланбековалъ (Ленинаул, №I школа) ва ГIусмансидикъ Мазаковас (Хубар).

Гьоркьохъел классазул (5-8 кл) цIалдохъабазда гьоркьоб цоабилеб бакIалъе мустахIикълъана Марьям Мажидова (Гертма), кIиабилеб бакI босана Мадина Зубайриевалъ(Гуни), лъабабилеб бакIалде ячIана Нуцалай Сайпудинова (Хубар). ЧIахIиял классазул (9-11 кл.) цIалдохъабазда гьоркьоб цоабилеб бакI босана Ибрагьим Пашаевас (Ичк1а), кIиабилеб-Мадина Толихаджиевалъ (Ленинаул,№1 школа).

Призалъулал бакIал росарал ва конкурсалда гIахьаллъарал ц1алдохъаби гьенир кIодо гьаруна Х1урматалъул грамотабаздалъун. Данделъи бачана Ажабика ГIабдулмуслимовалъ.

# Фазу Г1алиевалъе - 85 сон!

## Куч1дул рик1к1иналъул къецал



4 декабралда районалъул культураялъул Централда, РУОялъул х1алт1ухъабазул жигаралдалъун ва Фазу Г1алиевалъе 85 сон т1убаялъул х1урматалда,т1орит1ана Фазул куч1дул ц1алиялъул къецал. Ц1алдохъабазда гьоркьор т1орит1арал гьел къецазда г1ахьаллъана 10 школалдаса куч1дул рик1к1ине махщел бугел лъимал.Гьел рикьун рук1ана к1иго группаялде (1-4 кл. ва 5-8кл.). Г1исинал классазул (1-4 кл.) ц1алдохъабазда гьоркьоб т1оцебесеб бак1 ккуна Лаврият Зулумхановалъ (Гуни), к1иабилеб-Рабият Гъазиевалъ (Буртунай) ва лъабабилеб-Аминат Манаповалъ (Ленинаул, №2 школа). Гьоркьохъел классазул (5-8кл.) ц1алдохъабазда гьоркьоб цоабилеб бак1 босана Аминат Умарх1атовалъ (Дилим,лицей), к1иабилеб- Марьям Нугъаевалъ (Гуни) ва лъабабилеб - Хадижат Г1умаровалъ (Ленинаул, №2 школа).

Призалъулал бак1ал ккурал ц1алдохъабазе гьенир кьуна грамотаби.

*Д. Г1АБДУЛАХ1ИТОВА, ИМЦялъул методист.*

**СПИСОК**

**участников ВОВ, призванных Хасавюртовским РВК в ряды Красной Армии в 1938-1945 г.г. из с. Юрт-аух (Калининаул).**

***Уважаемые читатели!***

***Если в данных списках что-либо не соответствует действительности, просим вас сообщить в нашу редакцию.***

1. Адамшиев Зиявдин - 1916-1991
2. Адамшиев Нуради Джабатханович - 1910-ПБВ
3. Адамшиев Зайнудин Мутиевич -1919
4. Арсаналиев Пазил - 1923-2001
5. Ахиев Захир
6. Ахиев Умахан Алиевич
7. Ахиев Джабир Алиевич
8. А-кагаров Паша Абдулкагарович -1914- ПБВ
9. Авлиев Камиль Рашидханович - 1915-1943
10. Ахаев Паша Алиевич -1913-1943
11. Атаев Замшайх Абдурашидович 1921-1943
12 Адилов Апал Курбанович - 1908-1942 - ПБВ
13 Алдамов М-сагид Зайпулович -1922-1943
14. Арзамханов Зелимхан Арзамханович - 1913-ПБВ
15. Атаев Осман Абдурашидович -1921-1943
16. Асиев Аси Язидович
17. Авлиев Паша -1913-ПБВ
18. Батиев Тажудин -1908-1982
19. Батаев Нажмудин Чергесханович - 1922-1980
20. Бацаров Губар -1920-1992
21. Болатханов Салих Тохгбиевич - 1916
22. Байгереев Дарца Байгереевич ПБВ
23. Байгереев Явгери Байгереевич - 1920-ПБВ
24. Байгереев Адильгерей Байгереевич - 1910-ПБВ
25. Байалиев Али - 1918-ПБВ
26. Батиев Джайналхан Батиевич- погиб
27. Батиев Висар Батиевич - 1916-ПБВ
28. Батиев Испайхан Батиевич - 1910-ПБВ
29. Байсунгуров Хуру Абубакарович - погиб в 1941 г. при защите Брестской крепости
30. Бисултанов Дада -1915-ПБВ
31. Бамматханов Паша
32. Байсунгуров Абдулхалик Бегиевич
33. Байсунгуров Дади Бегиевич
34. Багаев Алимжит - 1920
35. Бийсултанов Висат
36. Витаев Абдулзагир Гойтемирович - ПБВ
37. Гантемиров Байтемир - 1908-1982
38. Гагаев Апимшайх -1910-1978
39. Гойболатов Абуталип Гойсолтанович - 1916
40. Гусейнов Салимсолтан - 1917-1986
41. Гантемиров Махса Джантемирович -1919-1941
42. Гиримов Хаким Давриевич -1903-1943
43. Гиримов Дада Давриевич -1916-1942
44. Гасанов Магомед Зайтаевич
45. Дадаев Замид Дадаевич - 1921
46. Дадаев Зелимхан Дадаевич -1917-1978
47. Дудаев Абдулвахид -1917-1988
48. Джабраилов Салимгере Эдисович -1917-1976
49. Джамаев Яхъя - 1920
50. Дакаев Абусолтэ -1922-1942
51. Давлеткаев Махма Девлетмурзаевич - 1916-1942
52. Давлеткаев Магомед Девлемурзаевич - 1918-ПБВ
53. Дагиров Камалудин Абдурахманович - 1914-1942
54. Дагиров Джамалдин Абдурахманович - 1919-1941
55. Дагаев Абдулсамад Абдулсаламович 1925-1943
56. Дарцаев Кумлу - 1917-ПБВ
57. Джамаев Давуд - 1917-ПБВ
58. Дукиев (Ильясов) Магомед Ильясович
59. Дадаев Заурбек
60. Дагиров Зайнудин
61. Зайпулрев Мухмадсаид
62. Исхаков Висхаджи - 1910
63. Исмаилов Аюб - 1915
64. Ибиев Висар - 1907-1984
65. Исмаилов Исраил Исмаилович
66. Исмаилов Нажу Исмаилович -1918-ПБВ
72. Кадыров Дауд Исмаилович -1918-1942
73. Кугиев Абдулбашир -1912-ПБВ
74. Кадиров Пазил - 1920
75. Лулаев Магомед - 1919
76. Лулаев Заза - 1922
77. Лулаев Маха Джанхотович -1916
78. Лулаев Зулумхан Джанхотович -1912-1942
79. Лулаев Зива Джанхотович
80. Мусхаджиев Бисолтан - 1910
81. Моллаев Зайнуди -1915
82. Мингбатиров Мухтар Мажиевич - -1918-2002
83. Мутнев Зайнудин
84. Мехтиханов Лала (Висар) Амирханович
85. Нетиев Али - 1921-1944- ПБВ
86. Отарбиев Абдулманап Сайтарбиевич -1920-1942
87. Отмешов Заурбек Адалиевич - 1910-ПБВ
88. Орзумханов Зелимхан
89. Суйначханов Дадан - 1920-1986
90. Суйначханов Исахан Дашниевич
91. Султанбеков Зелимхан Адалиевич
92. Султанбеков Заурбек - 1913-1943
93. Султангереев Эдалгери
94. Салахбеков Расул - 1900
95. Султангереев Байгери
96. Темуруев Висаг -1912
97. Таймасханов Мингсултан Гусейнович -1942
98. Темирбулатов Саидсалим Джабраилович -1918-1941
99. Таштиев Иманшапи Тупиевич
100. Умалатов Зулумхан -1913-1942
101. Устарханов Темар -1916- ПБВ
102. Умаханов Герихан
103. Умалатов Зайнудин - 1920
104. Умалатов Зайрбек
105 Хаджиев Зайнудин Шейхович -1918-1992
106. Хаджимурадов Абу Хаджимурадович - 1908

Спорт - инсанасул сахлъи

# Цоги нухалъ чемпионлъун вахъана



23 октябралда биччараб «**Чапар**» газеталда ( №42,5-аб.гьум.) бахъун бук1ана Гуни росулъа М.-бег Абулаевасул «**Чемпион к1одо гьавуна**» абураб макъала. Гьениб хъван бук1ана гьеб росулъа Жамбулат Мажидов жура-гъурарал рагъулал къецазул (ММА) чемпионлъун вахъиналъул х1акъалъулъ. Гьале, гьанжеги Жамбулат вахъана чемпионлъун.

1-2 декабралда Минск шагьаралда т1орит1арал г1олилазул ММАялъул къецазда Жамбулат, 84 кг. ц1айиялда, вахъана чемпионлъун.

Рак1-рак1алъ баркула Жамбулатида гьеб бергьенлъи ва гьарула гьесие жеги т1адег1анал бергьенлъаби.

***И.БУЛАТХАНОВ***

# ***Къокъго***

Дагьал цереге1ан къояз нилъер районалде щвана Дагъистаналъул ГОялъулгун ЧСалъул Централъе нухмалъулев Т.Батырбиев. Районалъул бет1ер Х1. Х1. Мусаевасулгун дандч1ваялдаса хадуб, гьев щвана районалъул ц1а ккеялдаса ц1униялъул частaлде. Гьес хал гьабуна гьениб бугеб ах1вал-х1алалъул. Хал гьабиялъул х1асилал гьарулелъул Т. Батырбиевас гьелъул х1алт1уе лъик1аб къимат кьуна.

1-3 декабралда нилъер районалда т1обит1ана «**Гьекъарав шофер**» абураб оперативиябгун профилактикаялъулаб тадбир. Гьелъул мурадлъун бук1ана нухда кколел балагъал лъугьа- бахъинал дагьлъизари,гьекъарал, техника бачиналдаса мах1рум гьарурал яги гьеб бачине ихтияр гьеч1ел т1атинари.

# Объявления

Руководителям СПК, ГУП, МУП, ООО, главам КФХ и индивидуальным предпринимателям напоминаем о необходимости представления сведений о производимой продукции животноводства и поголовья скота ( Форма №3- фермер) в отдел статистики и управление сельского хозяйства района до конца декабря текущего года.

## О проведении публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка

10.01.2018 года в 10.00 часов в здании АСП «село Ленинаул» Республики Дагестан, по адресу: РД, Казбековский район, с. Ленинаул, ул. Магомедова Р.М. №13, в соответствии с Положением о порядке организации и проведения публичных слушаний, утвержден решением Собрания депутатов сельского поселения «село Ленинаул» от 25 марта 2016 года №04, состоятся Публичные слушания по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка: с вида «для ведения личного подсобного хозяйства» (код 2.2), на вид разрешенного использования «размещение объектов для обслуживания автотранспорта» (код 4.9), с кадастровым номером 05:12:000004:3620^площадью 1000 кв.м., расположенного по адресу: Республика Дагестан, Казбековский район, с. Ленинаул, ул. Ю. Салимханова, Д 26.

Замечания и предложения участников публичных слушаний для принятия главой АСП «село Ленинаул» решения об изменении одного вида разрешенного использования земельных участков на другой вид принимаются в письменном виде до 10.01.2018 года по адресу: РД, Казбековский район, с. Ленинаул, ул. Магомедова Р.М., 13.


*Бетlерав редактор: Мухтар Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: Мух1амад-Шарип Г1абдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият Султанмух1амадова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхІажиева, Зайнаб Г1абдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141*
*Индекс: 51354*
*Заказ №187 Тираж 1350*

*Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014 г. ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужжабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*